



Deklarasyon Dwa ACA a

Anpil nan nou vin nan ACA san nou pa konnen nou gen dwa bay tèt nou pèmisyon pou nou kapab reponn ak tout bezwen nou. Chemen rekiperasyon nan ACA a ka gen ladan l aprann idantifye bezwen nou, santiman nou, ak dwa nou, epi pran responsablite pou n satisfè yo yon fason ki sen. Anmenmtan, dwa nou dekouvri ak detèmine pou tèt nou pa vle di ke lòt moun gen responsablite pou satisfè dwa sa yo. Avèk èd dwa sa yo, nou kapab devlope relasyon ki pi sen, epi avèk yon fòs ki pi gran pase nou menm, dapre pwòp konpreyansyon nou, nou ka kòmanse viv lavi a kòm Vrè Idantite nou.

- 1) Mwen gen dwa di non.
- 2) Mwen gen dwa di, "Mwen pa konnen."
- 3) Mwen gen dwa gen tò.
- 4) Mwen gen dwa fè erè epi aprann de erè sa yo.
- 5) Mwen gen dwa detache m de nenpòt moun ki fè m santi m imilye oswa manipile.
- 6) Mwen gen dwa fè pwòp chwa ak desizyon pa m nan lavi m.
- 7) Mwen gen dwa pran dèy pou nenpòt pèt, kit se yon pèt reyèl oswa yon pèt mwen imajine.
- 8) Mwen gen dwa gen tout santiman m.
- 9) Mwen gen dwa santi m fache, menm kont yon moun mwen renmen.
- 10) Mwen gen dwa chanje lide nenpòt ki lè.
- 11) Mwen gen dwa pou m gen yon egzistans ki pi sen sou plan espirityèl, fizik, ak emosyonèl, menm si sa ka diferan nèt oswa an pati ak fason paran m yo te viv.
- 12) Mwen gen dwa padone tèt mwen epi chwazi kijan ak ki lè m ap padone lòt moun.
- 13) Mwen gen dwa pran risk ki sen epi fè eksperyans ak nouvo posiblite.
- 14) Mwen gen dwa onèt nan relasyon m yo epi chèche menm bagay la nan men lòt moun.
- 15) Mwen gen dwa mande sa m vle.
- 16) Mwen gen dwa detèmine epi respekte pwòp priyorite ak objektif pa m, epi pèmèt lòt moun fè menm bagay la.
- 17) Mwen gen dwa reve epi gen espwa.
- 18) Mwen gen dwa viv kòm vrè mwenmenm.
- 19) Mwen gen dwa konnen epi devlope pèsonalite timoun mwen an.
- 20) Mwen gen dwa ri, jwe, pran plezi, epi libète pou m selebre lavi sa a, isit la, kounye a menm.

Pou soumèt fidbak tanpri vizite: <http://litrevieww.adultchildren.org>